



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

*Yo te administre 218,676 dòz nan dènye 24 èdtan yo*

*Yo te administre plis pase 1.2 milyon dòz pandan sèt jou pase yo*

*1 sou 3 Nouyòkè konplètman vaksinen*

*Restriksyon anvan sou vaksinasyon moun ki pa nan gwoup priyorite patikilye yo anile pou reflète aksè ki louvri pou tout Nouyòkè ki gen 16 an ak plis*

*Tablodò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon Eta a. Yo te bay 218,676 dòz nan tout gwo rezo distribisyon Eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1.2 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"N ap fè gwo pwogrè nan efò nou yo pou pèmèt tout Nouyòkè yo vaksinen men pousantaj moun k ap pran vaksen yo ap ralanti", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vaksen an disponib - li te teste, li sekirite epi li p ap koute ou anyen pou pran li. Nou gen yon gwo rezo distribisyon anplas pou bay piki nan bra epi kounye a tout granmoun ki elijib kapab ale nan yon sit vaksinasyon san randevou pou pran vaksen. Anyen pa kanpe nan wout ou, kidonk ale pran vaksen an. Se pi bon fason pou ede youn lòt epi se dènye zam pou nou genyen gè a kont COVID."

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman epi dezyèm dòz yo dwe pwograme otomatikman apre administrasyon premye piki a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou pou Nouyòkè ki kalifye yo. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte departman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccinefinder.org](https://vaccinefinder.org) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Anplis, previzyon ki te limite aksè pou founisè patikilye oswa kreye penalite pou vaksinasyon yo bay moun ki pa nan gwoup priyorite ki te egzije anvan yo nan pwosesis la anile, pou reflète aksè ki louvri pou Nouyòkè ki gen 16 an ak plis yo nan tout sit yo.

### REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 15,389,526

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 218,676

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,283,170

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 46.0%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 34.1%

	<b>Moun ki gen omwen yon dòz vaksen</b>		<b>Moun ki gen seri vaksen yo konplè</b>	
<b>Rejyon</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan</b>
Capital Region	542,192	4,454	407,421	5,475
Central New York	446,006	2,740	361,474	5,583
Finger Lakes	558,078	4,628	428,613	5,795
Long Island	1,161,910	26,597	839,406	33,936
Mid-Hudson	974,407	7,410	692,297	12,756
Mohawk Valley	219,786	1,906	175,442	2,127
New York City	4,185,866	30,869	3,035,336	60,438
North Country	204,198	855	176,492	1,594
Southern Tier	290,797	2,552	230,512	3,308
Western New York	596,229	4,664	448,264	8,322
Nan tout Eta a	9,179,469	86,675	6,795,257	139,334

	<b>1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo</b>	<b>2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York</b>	<b>TOTAL</b>	<b>KIMILATIF</b>
--	------------------------------------------------------------	----------------------------------------------------------	--------------	------------------

<b>Semèn 1</b> Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
<b>Semèn 2</b> Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
<b>Semèn 3</b> Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
<b>Semèn 4</b> Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
<b>Semèn 5</b> Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
<b>Semèn 6</b> Dòz k ap vini nan dat 01/18- 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
<b>Semèn 7</b> Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
<b>Semèn 8</b> Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
<b>Semèn 9</b> Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
<b>Semèn 10</b> Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
<b>Semèn 11</b> Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
<b>Semèn 12</b> Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110

<b>Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14</b>	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
<b>Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21</b>	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
<b>Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28</b>	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
<b>Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04</b>	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
<b>Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 04/05 - 04/12</b>	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980
<b>Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 04/12 - 04/18</b>	763,825	774,825	1,538,650	15,191,630
<b>Semèn 19 Dòz k ap vini nan dat 04/12 - 04/18</b>	738,340	507,620	1,245,960	16,437,590

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)